



Pou Piblikasyon Imedya: 16/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ CUOMO EGZÒTE NOUYÒKÈ YO POU YO PREPARE YO POU MOVE  
TAN JODI A**

***Van ki ka koze domaj, anpil tanpèt loraj vyolan ak tònad yo prevwa nan New York  
Santral, Mohawk Valley, Rejyon Kapital la ak North Country***

***Yo pwolonje konsèy kont chalè jiska mèkredi pou Vil New York, rejyon Mid-  
Hudson ak Long Island.***

Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou yon risk ogmante pou move tan jodi a nan New York Santral, Mohawk Valley, Rejyon Kapital la ak North Country ki pral gen ladan rafal van ki ka lakoz domae ak anpil gwo tanpèt loraj vyolan. Toubiyon ka posib tou nan zòn sa yo. Yo prevwa tanpèt sa yo ap kòmanse devlope nan fen matine yo nan Lwès New York epi yo pral deplase nan direksyon lès atravè Eta a jiska fen apremidi a. Yo te pwolonje konsèy kont chalè jiska 9 p.m. mèkredi pou Rejyon Mid-Hudson, NYC ak pi fò pati nan Long Island, epi rete an vigè pou Mohawk Valley, North County, kèk pòsyon New York Santral ak Southern Tier jiska 8 p.m. jodi a. Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt, avètisman, avi ak dènye previzyon meteyo yo, vizite [sit entènèt Sèvis Meteyo Nasyonal la](#).

"Nouyòkè yo ta dwe pran tout prekosyon yo kapab pandan pwochen jou sa a pou yo rete fre epi rete an sekirite paske konbinezon gwo tanpèt, chalè, ak imidite pral reprezante yon gwo risk sante pou Nouyòkè vilnerab yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an pral kontwòle ak anpil atansyon enpak move tan an epi nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo siveye previzyon meteyo yo ak anpil atansyon, rete idrate, epi gen yon plan si yo bezwen evakye pandan tan sa a."

Tanpèt loraj yo se tanpèt danjere ki ka pwodui van plis pase 80 kilomèt alè, zèklè, lagrèl epi lakòz inondasyon ak tònad.

**Ti Konsèy Sekirite pou Loraj:**

- Si w ka tande tonè a, ou pre loraj la ase pou zèklè a frape w. Ale nan yonabri sekirize imedyatman.

- Ale nan yon batiman ki solid. Pa pranabri nan ti kabin yo, anba pye bwa ki izole yo, oswa nan otomobil ki konvètib yo.
- Si gen kout zèklè epi pa genabri solid ki disponib, antre nan yon otomobil kote tèt li solid epi kite vit yo monte.
- Soti nan bato yo epi rete lwen dlo.
- Liy telefòn yo ak tiyo an metal yo ka kondwi kouran. Dekonekte aparèy ki pa nesèsè pou jwenn enfòmasyon meteyowolojik yo. Evite itilize telefòn oswa nenpòt aparèy elektrik.
- Pa benyen ni pran douch.
- Etenn èkondisyone - gwo tansyon ki soti nan zèklè ka sichaje konpresè yo.
- Ale nan altitud ki pi wo yo si li posib pou gen inondasyon rapid oswa inondasyon.
- Pa eseye kondwi pou al mete ou an sekirite - laplipa lanmò nan inondasyon rapid yo rive nan otomobil yo.
- Si w deyò, jwenn yon kote ki ba lwen pye bwa, kloti ak poto.
- Si w nan rakbwa, pran refij anba pye bwa kout.
- Si ou santi pikotman oswa cheve ou kanpe, koupi byen ba a tè a sou pwent pye ou; mete men ou sou jenou ou avèk tèt ou nan mitan yo; fè tèt ou vin pi piti sib posib; epi minimize kontak ou ak tè a.

### **Konsèy sou Sekirite Tònad:**

- Si w deyò: Chache mete w alabri nan yon bilding solid toutswit. Si w pa gen okenn kote tou prè w pou w mete w alabri, kouche plat atè nan yon fose oswa yon kote ki ba epi mete men w sou tèt ou.

- Pa eseye kouri devan yon tònad ak machin ou; olye w fè sa a, retire kòw sou wout tònad la imedyatman.
- Si w lakay ou oswa ou nan yon ti bilding piti: Ale nan sousòl lan oswa nan yon pyès pa andedan nan etaj ki pi ba a. Pa kanpe bò fenèt yo. Plaka, chanm deben, ak lòt espas chanm enteryè yo ap pwoteje w pi byen. Antre anba yon bagay ki solid oswa kouvri tèt ou ak yon matla.
- Si ou nan yon lekòl, lopital, oswa yon sant komèsyal: Ale nan zòn abri yo deziyen alavans lan. Pa kanpe nan espas ouvè ki laj yo aswa bò fenèt yo. Pa soti deyò pou al nan machin ou.
- Si w nan yon bilding grat syèl: Ale nan yon espas chanm enteryè piti oswa nan koulwa etaj ki pi ba posib la. Pa itilize asansè yo. Itilize eskalye yo.
- Si w ap viv nan yon kay mobil; oswa yon veyikil: Soti nan rezidans mobil la oswa veyikil la - paske gwo van ki nan tònad la ka chavire yo byen fasil.
- Mete w alabri nan yon estrikti ki solid. Si w pa gen okenn kote tou prè w, kouche plat atè nan yon fose oswa yon kote ki ba epi mete men w sou tèt ou.

Pandan inondasyon toudenkou, pa janm eseye kondi nan yon wout ki inonde. Vire tounen epi fè yon lòt wout. Si dlo a kòmanse monte rapid bò kote ou, abandone machin lan imedyatman. Pa souzestime pwisans destriksyon dlo k ap kouri vit. De pye dlo inondasyon k ap kouri rapid pral fè machin ou flote epi dlo k ap kouri ak yon vitès 3.2 kilomèt pa èdtan ka pote ale machin ki sou wout oswa sou yon pon.

Pisin ak plaj nan Pak Eta New York yo disponib pou naje. Gouvènè Hochul te anile frè pou antre nan pisin Pak Eta New York ete sa a. Anvan yo fè yon vwayaj, vizitè yo ta dwe rele davans nan pak yo planifye vizite a oswa tcheke [sitwèb la](#) pou nenpòt mizajou paske kondisyon metewolojik ak dlo ka afekte sityasyon natasyon an. Mizajou sou sityasyon pak yo disponib tou sou aplikasyon mobil gratis Parks Explore Eta New York pou aparèy iOS ak Android.

Ou ka kalifye pou yon inite èkondisyone gratis. Pwogram Asistans Enèji nan Kay (Home Energy Assistance Program, HEAP) ka bay yon inite èkondisyone pou fanmi ki elijib pou revni ki gen ladann yon moun ki gen yon pwoblèm medikal ki jistifye ke chalè ekstrèm ka agrave oswa fanmi ki gen timoun piti oswa granmoun aje. Y ap aksepte aplikasyon yo jiskaske finansman fini. Pou plis enfòmasyon, vizite sitwèb Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) oswa kontakte biwo lokal ou pou moun ki aje nan 1-800-342-9871.

Ou ka jwenn enfòmasyon sou sa ou ka fè pandan tan cho a sou sitwèb [sitwèb Extreme Heat \(Chalè Ekstrèm\) Depatman Sante \(Department of Health, DOH\) a](#). Ou ka lokalize tou [sant refwadisman tou pre w isit la](#).

Pa janm kite timoun ak bèt domestik yo san sipèvizyon nan machin cho. Gen yon danje reyèl epi grav lè w kite timoun oswa bèt kay san sipèvizyon nan yon machin menm lè yo pa "sanati" tanperati a cho. Nan 60 degre deyò, apre jis yon èdtan yon machin fèmen ka chofe jiska 105 degre.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)